

KONNEN DWA OU:

Preparasyon pou Fanmi

KIMOUN KI TA DWE KREYE YON PLAN?

Li toujou yon bon ide pou w reflechi sou planifikasyon pou fanmi ou si ou pa ta la. Zouti sa a konsantre sou fanmi imigran ki gen diferan sityasyon ak imigrasyon oswa ki pa gen papye epi ki pè pou yo pa separe yo ak pwòch yo.

Si ou gen risk pou yo mete ou nan prizon oswa depòte ou paske te gen yon lòd pou depòtasyon, ou ta dwe kontre ak yon avoka pou diskite ki demach ou kapab fè pou soulaje kèk ensètitid.

Enfòmasyon yo ki sou nan dokiman sa a pa konsèy jiridik epi yo sèlman pou ranseye ou

FÈ EVALYE POU OU SOLISYON

Kontre avèk yon avoka imigrasyon pou wè si w gen nenpòt solisyon ki disponib, menm si ou panse ou pa genyen.

IDANTIFYE YON KONTAK POU IJANS

1 Idantifye yon kontak pou ijans ki ka ede pran swen pitit ou yo pou yon ti tan, si ta arete ou epi ta bezwen sipò. Pale ak yon moun ou fè konfyans sou sa davans, epi asire ou yo dakò.

2 Ajoute non yo ak dosye lekòl la davans pou yo kapab al pitit ou yo lekòl si sa nesesè.

3 Bay non pou ijans ou a ak tout enfòmasyon ki nesesè.

ÒGANIZE AK KONSÈVE DOKIMAN

- Paspò
- Batistè
- Sètifika maryaj
- Fòm nominasyon parantal
- Lòd Pwoteksyon
- Nimewo A ak dokiman imigrasyon (pèmi travay, kat rezidans, viza)
- Kat Sekirite Sosyal
- Nenpòt kat idantite
- Si viktim krim oswa vyolans nan kay: foto, rapò polis ak dosye medikal.



KONNEN DWA OU:

Preparasyon pou Fanmi (kontinye ..)

FÈ PASPÒ TIMOUN OU YO

Si pitit ou yo gen paspò, asire yo pa pral ekspire. Pale ak lòt paran an pou bay youn ak lòt konsantman pou fè paspò timoun yo an ka youn nan nou pa ta la.

Si gen yon ka vyolans nan kay ant oumenm ak paran sa a oswa ou pa kapab jwenn lòt paran an, pale ak yon avoka.

Si pitit ou yo se sitwayen ameriken epi yo bezwen paspò, tcheke www.travel.state.gov pou enfòmasyon sou fason pou fè paspò ameriken yo.

Si pitit ou yo pa sitwayen ameriken, tcheke avèk yon anbasad oswa konsila peyi ou pou konnen kijan pou ou fè youn.

METE TIMOUN YO NAN PLAN

Selon laj yo, li ka yon bon ide pou planifye ak timoun yo tou. Di yo ki moun yo ka kontakte san danje an ka ta gen yon jans ak kimoun ki ka vin chèche yo lekòl.

RANPLI KAT MOUN KONFYANS LA

Ranpli kat moun konfyans sou pwochen paj la:

- Ranpli youn (1) pou chak timoun
- Bay kontak pou ijans ou



KAT MOUN KONFYANS

Non Timoun Nan

Enfòmasyon sou lekòl ak pwogram apre lekòl

Adrès Lekòl la / Nimewo Sal Klas la / Non Pwofesè a

Enfòmasyon sou Pwogram Apre Lekòl / Kan / Pwogram Espò

Sante ak Bezwen Espesyal

Enfòmasyon sou Asirans Sante

Enfòmasyon Medikal

Alèji

Non Doktè

Enfòmasyon sou Kontak pou Ijans

Non / Nimewo Telefòn

Non / Nimewo Telefòn

Lòt enfòmasyon

Yon nimewo A, si ou genyen, an ka yo mete ou nan prizon

Non Avoka / Enfòmasyon ou Kontakte lii

Lòd Pwoteksyon, si sa aplikab, tanpri bay.

KONNEN OPSYON LEGAL OU YO:

FÒM NOMINASYON PARANTAL NEW YORK

Fòm sa a pèmèt yon paran nome yon moun li fè konfyans ki gen plis pase 18 tan pou l pran desizyon limite pou timoun nan, ki gen rapò ak sante ak edikasyon.

- Li pa toujou nesèsè epi pouwa yo limite.
- Pa ka bay konsantman pou operasyon oswa lòt gwo tretman medikal.
- Paran an ka anile fòm sa a nenpòt kilè.
- Pa nesèsè pou enskri nan lekòl la.
- Si gen lòd oswa ki deja egziste oswa annatant nan tribinal ki okipe zafè fanmi an, fòm sa a pa pou ou.

GAD LEGAL

Defini kòm swen, kontwòl ak antretyen yon timoun yon Tribinal ka bay yon paran jiskaske timoun nan gen 18 tan. Moun ki pa paran yo ka chèche gad sòf si gen sikonstans ekstrawòdinè. Definasyon paran yo ap chanje pou koup marye ki menm sèks. Tribinal la detèmine ki sa ki nan pi bon enterè timoun nan lè yo bay gad. Kenbe nan tèt ou, lòt paran an dwe patisipe nan pwosesis jiridik sa a.

RESPONSAB LEGAL

Yon Responsab Legal pa nesèsèman paran an, men li gen menm otorite legal pou pran desizyon kòm yon paran. Souvan, li se yon fanmi oswa zanmi yo fè konfyans ki gen 18 tan oswa plis ki vle ak kapab ede paran an pandan li pa la. Sepandan, lòd gad legal yo ka bon jiskaske timoun nan 21 ane, epi se poutèt sa pafwa paran yo eseye jwenn gad legal pou pitit yo ki majè.

Kenbe nan tèt ou, jeneralman paran yo dwe patisipe nan pwosesis jiridik sa a epi si yon lòd pou gad legal deja egziste, yo pral konsidere li.

PLANIFIKASYON FINANSYÈ

Manda - chwazi yon fanmi/zanmi yo fè konfyans pou gen otorite pou pran desizyon ki gen rapò ak pwopriyete, finans, ak lòt zafè jiridik pou ou. Si ou panse ou bezwen opsyon sa a, pale avèk yon avoka avan.

Òganize tout dokiman ou konsènan nenpòt ki kont labank oswa byen.

